

Chè Paran/Responsab Legal Allison,


Nou kontan ba ou rapò sa a sou rannman Allison nan Egzamen Akonplisman nan Anglè kòm Dezyèm Lang nan Eta New York (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT) nou te bay nan prentan 2024 pou tout Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo (English Language Learners, ELLs). Rezilta egzamen sa a bay yon fason pou konprann devlopman elèv la nan Lang Anglè. Men, nòt sa yo pa endike tout sa Allison konnen ak sa li kapab fè.

Pou plis enfòmasyon konsènan egzamen sa a, nòm Eta New York yo, ak fason ou kapab ede Allison, ale nan: <https://www.nysed.gov/bilingual-ed/english-language-learner-and-multilingual-learner-parent-resources>

NIVO KONPETANS ALLISON NAN LANG ANGLÈ NAN TRANZISYON KOUNYE A
NIVO KONPETANS ALLISON NAN LANG ANGLÈ TE EMÈJAN LANE PASE

TOTAL ECHÈL
REZILTA ALLISON

222



MATYÈ/MODALITE KONPETANS NAN LANG ANGLÈ

TANDE

Elèv yo tandè pou yo detèmine enfòmasyon yo ak pou devlope lide nan diskisyon akademik ki nan nivo klas yo.

ECHÈL REZILTA
ALLISON

64

PALE

Elèv yo itilize langaj ki apwopriye pou klas yo pou yo patisipe nan diskisyon sou tèks ak sijè akademik yo.

ECHÈL REZILTA
ALLISON

57

LEKTI

Elèv yo li tèks akademik nan nivo klas yo pou yo detèmine enfòmasyon yo epi devlope lide.

ECHÈL REZILTA
ALLISON

56

EKRITI

Elèv yo itilize langaj ki apwopriye pou klas yo pou yo òganize panse ak lide nan redaksyon sou tèks ak sijè literè epi ki bay enfòmasyon.

ECHÈL REZILTA
ALLISON

45

Nivo echèl nòt sa yo varye ant 30 ak 90

Tanpri konnen elèv ki gen yon Plan Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Program, IEP) oswa Plan Aranjman Seksyon 504 (Section 504 Accommodation Plan, 504 Plan) ki endike yo dwe li tès awotywa pou yo dwe resevwa aranjman pou tès sa a pou tout sou sijè yo, ankontan Lekti, dapre prezizyon ki nan Plan IEP/504 la.

POU KORE SIKSÈ ALLISON

Se dwa ou pou w mande pou lekòl pitit ou a bay fòmilè ak materyèl ki tradwi ak yon entèprèt pou lè gen reyinyon yo, si sa nesèsè. Li enpòtan pou w ankouraje pitit ou a fè devwa li yo, patisipe nan klas, epi poze kesyon. Yo rekòmande tou pou paran yo patisipe nan konferans paran-pwofesè pou pitit yo. Anplis konferans paran-pwofesè a (yo), lekòl pitit ou a oblije òganize yon konferans anplis chak ane konsènan devlopman lang Anglè pitit ou a. Epitou, ou ka mande reyinyon anplis pou diskite sou aprantisaj pitit ou a nan lekòl la oswa lòt enkyetid, lè w kontakte pwofesè yo oswa administratè lekòl yo. Men kèk sijè ou ta ka vle diskite:

- Kantite, dire, ak kalite sèvis Anglè kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL), pitit ou a gen dwa pou l resevwa.
- Diferans ant ENL ak pwogram bileng yo ak disponiblite pwogram bileng yo nan lekòl/distri pitit ou a.
- Pwogram anplis (maten, aprè lekòl, ete, elatriye) pou ede pitit ou devlope nan lang Anglè.
- Kalite sipò pou lang matènèl ke pwofesè yo ap itilize nan salklas la.
- Resous, sit entènèt, ak lòt fason entèaktif ou ka sipòte pitit ou a nan Anglè ak nan lang matènèl yo.
- Pwogrè pitit ou a nan pale, koute, fè lekti, ak ekri.

RESOUS ANPLIS

Ou ka genyen aksè ak Resous Paran yo lè ou itilize yon aplikasyon Repons Rapid (Quick Response, QR) sou telefòn ou. Resous sa yo gen ladan yo: Enfòmasyon sou tès, ansèyman Anglè kòm yon Nouvo Lang (ENL), Deklarasyon Dwa Paran ELL yo, gid òganizasyon kominotè yo, enfòmasyon sou gradyasyon, ak plis ankò. Ou ka genyen aksè tou a enfòmasyon sa a lè w itilize lyen sa a: <https://www.nysed.gov/bilingual-ed/english-language-learner-and-multilingual-learner-parent-resources>



Liy Asistans pou Paran ELL yo sèvi kòm yon fason pou paran ELL yo ak moun ki gen wòl paran yo mande enfòmasyon sou dwa yo genyen ak sèvis yo founi pou timoun yo. Paran yo ka mande ransèyman epi jwenn repons nan dis lang ELL yo pale plis nan Eta New York. Nimewo telefòn: 1-800-469-8224
Sit Entènèt: <https://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/language-rbern/parent-hotline>



<https://www.nysed.gov/state-assessment/sample-student-score-reports>

Gen vèsyon rapò sa a ki tradwi, ak lòt enfòmasyon ki disponib nan lang :

Arab, Bengalí, Chinwa (Senplifye), Chinwa (Tradisyonèl), Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Oudou